

Pwogram Asistans Nitrisyon

Siplemantè (ann anglè

SNAP) (otrefwa ki te rele

Pwogram Koupon

Alimantè a)

Believing you can.

www.mass.gov/dta



Paj sa a ki entansyonèlman kite vid.

Ni ou ni fanmi w bezwen epi merite manje ki bon pou lasante epi ki byen ekilibre. Si kantite lajan ou touche pa kouvri depans pou yon varyete chwa nan manje, Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemantè a (SNAP) ka ede w.

Bwochi sa a se yon pwolonjman bwochi *Your Right to Know* a e l ap eksplike kondisyon presi ki gen nan SNAP. Bwochi sa a, ansanm avèk bwochi *Your Right to Know* a, ap pale sou dwa ak responsablite w yo, ansanm ak pa Depatman an. Si w gen nenpòt enfòmasyon ki make nan bwochi sa a ou pa byen konprann, sonnen tanpri DTA Assistance Line la nan nimewo 1-877-382-2363.

Sere bwochi sa a tanpri poutèt y ap pale de li nan anpil nan lèt ou va resevwa nan men Depatman an. Ou gen dwa resevwa materyèl siplemantè alekri yon lòt lè. Fè atansyon pou w byen li yo.

Ki dwa w genyen :

Ou gen dwa resevwa benefis SNAP rapid sou sèt jou apre dat ou ranpli aplikasyon w lan si kòkay ou a sanble l elijib pou l resevwa benefis SNAP yo epi l satisfè youn nan kondisyon ki annapre la yo:

- kòkay ou a gen yon revni brit pa mwa ki \$150 oubyen pi piti ak \$100 oubyen mwens an kach ;
- kòkay ou a gen otot yon revni brit ak kach ki pa sifi pou peye lwave ou a (oubyen ipotèk) ak sèvis publik yo ; oubyen
- kòkay ou a gen yon fèmye migran oubyen a sezon e kach li genyen se \$100 oswa mwens.

Epi w gen dwa tou pou :

- pale avèk yon sipèviziè si yo di w pa elijib pou benefis SNAP rapid e w pa dakò ak sa, osinon ou kalifye pou benefis SNAP rapid men w pat resevwa benefis SNAP ou a sou setyèm jou apre dat ou te ranpli aplikasyon an ;
- resevwa yon desizyon sou aplikasyon w lan nan 30 jou.

Règleman jeneral sou SNAP

- Ou gen pou w bay Depatman an enfòmasyon konplè epi korèk.
- Ou dwe bay responsab dosye w la verifikasyon sou aplikasyon SNAP la sou 30 jou apre dat ou ranpli aplikasyon an. Yon responsab dosye ap di w ki dokiman, tankou souch pewòl ak resi lwave, ou kapab gen pou bay.
- Ou fèt pou w avèti Depatman an pandan peryòd tan obligatwa a sou tout chanjman ki gen dwa gen konsekans sou elijiblite w ak/oubyen montan benefis ou resevwa.
- W ap pèdi tout benefis SNAP ou pa itilize sou yon lane.

Byen

- Si w se yon moun ki aplike oswa k ap resevwa benefis SNAP, yo pa konte machin ou kòm byen.
- Nòmalman yo pa konte byen moun ki abite nan kay la amwenske oumenm oswa yon moun ki abite nan kay la vin diskalifye pou l resevwa benefis SNAP akoz yon Vyolasyon Entansyonèl Pwogram nan (ann anglè IPV), moun nan kay la ap resevwa plizyè benefis SNAP anmenmtan, boukante benefis SNAP, refize respekte pwogram fòmasyon ak travay SNAP la, oswa paske yon manm fanmi ki abite nan kay la se yon kriminèl fijitif.

Règleman sou kijan pou fè rapò

Rapò sou pri lojman publik ak/oubyen sèvis publik, pri swen timoun / depandan, ak frè medikal pa rapò ki obligatwa. Sepandan, si w reklame epi verifye yo, depans sa yo gen dwa ogmante montan benefis SNAP ou resevwa.

Si w se yon aplikan oubyen wap resevwa benefis SNAP epi w sipoze fè Rapò Senp (Simplified Reporting), oubyen Altènativ pou Benefis Tranzisyonèl (Transitional Benefits Alternative) (TBA), alò gen règleman espesyal sou kijan pou w fè rapò sa yo.

Mande yon responsab dosye pou l eksplike ba ou kondisyon yo pou tip kòkay SNAP ou a.

Si w pa fin konnen si w gen pou w fè rapò sou yon chanjman, sonnen tanpri DTA Assistance Line la nan nimewo 1-877-382-2363. Si w **gen pou fè rapò sou chanjman epi w pa fè sa nan peryòd tan obligatwa a**, alò benefis ou yo a mwens oubyen kapab kanpe. Ou gen dwa gen pou w ranbouse benefis ki te peye anplis ba ou. Ou gen dwa penalize pou kokinay epi peye yon amanm, pran prizon oubyen toude.

Toudepan de tip moun ki abite lakay ou k ap resevwa benefis SNAP, ou ka bezwen rapòtè kèk chanjman, tankou sa ki site anba yo men se pa sa sèlman, nan:

- kantite timoun oswa adilt ki abite avèk ou;
- kantite kach ou genyen, swa lakay ou swa nan yon kont kouran, kont depay oswa yon kont labank kèlkong;
- kantite lajan ou touche, pèman Sekirite Sosyal oswa pansyon pou timoun ou resevwa;
- kote w abite;
- yon sòm global ou resevwa, tankou pèman Sekirite Sosyal retwoaktif, oswa sòm ou genyen nan lotri;
- lòt lajan ou touche epi/oswa depans ou fè ki ka afekte sibvansyon w oswa elijiblite pou resevwa benefis SNAP; epi
- tout depans pou swen timoun/depandan.

Règleman sou konpozisyon kòkay la

Yon kòkay SNAP vle di:

- yon pèsonaj ki rete poukont li;
- yon gwoup pèsonaj ki rete youn ak lòt e ki achte manje epi pare manje ansanm; oubyen
- yon pèsonaj ki rete avèk lòt moun ki achte manje epi pare manje apa.*

* Si pèsonaj oubyen gwoup pèsonaj sa yo rete youn ak lòt, se yon kòkay SNAP yo ye, **menm si yo pa** achte manje epi pare manje ansanm. Pèsonaj oubyen gwoup pèsonaj ki rete youn ak lòt e ki annapre la yo gen dwa gen pwòp kòkay SNAP pa yo menm si yo pa achte manje epi pare manje apa:

Mari ak madanm: Mari ak madanm ki abite ansanm dwe ap viv nan menm kay pou yo resevwa benefis SNAP.

Paran/timoun: Yon timoun ki poko gen 22 an ki abite avèk paran natirèl, paran adoptif oswa bòpè ou bèlmè dwe abite nan menm kay avèk paran an pou l resevwa benefis SNAP. Règ sa a aplikab menm si timoun nan marye oswa li gen pwòp pitit pa l.

Kontwòl parantal: Yon timoun ki poko gen 18 an, eksepte pou yon timoun ki nan mezon dakèy, k ap viv avèk yon manm fanmi adilt ki abite nan kay la (men se pa paran timoun nan) ki sou kontwòl parantal manm fanmi adilt ki abite nan kay la, dwe nan menm kay avèk adilt la pou l resevwa benefis SNAP.

Note: Kontwòl parantal vle di moun nan bay sipò finansye oswa sipèvizon, oswa toulede pou yon timoun ki poko gen 18 an.

- (1) Yon pèsonaj, ki gen oubyen pa gen pitit pa li yo, ki nan yon sant tretrman pou dwòg osinon gwòg;
- (2) Yon moun avèg oubyen andikape ki rete avèk yon gwoup moun ;
- (3) Yon fanm oubyen yon fanm ki gen timoun nan yon lojman pou fanm yo bat;
- (4) Yon pèsonaj **ki ni** granmoun (60 an oubyen plis) **ni** andikape gen dwa nan yon kòkay SNAP *apa lè pèsonaj sa a rete avèk lòt moun** ki achte manje epi pare manje pou li menm, si toude nan kondisyon annapre la vre:*
 - a. Pèsonaj la pa kapab achte manje epi pare manje pou li menm poutèt yon andikap yo konsidere kòm pèmanan.
 - b. Revni brit moun nan kòkay la, san konte pèsonaj la ak mari / madanm li, pitit li ki gen mwens ke 22 an, ak yon timoun ki gen mwens ke 18 an ki rete anba levasyon paran li, pa pi plis pase 165 pouzan nan revni nèt estanda sou elijiblite pou yon kòkay ki gen kantite moun sa yo.

** Toutfwa, yon pèsonaj ki granmoun oubyen ki andikape e ki rete avèk mari / madanm li, pitit natirèl, pitit adoptif oubyen bofis / bélfi li ki gen mwens ke 22 an, oubyen yon timoun ki gen mwens ke 18 an ki rete anba levasyon paran li dwe pou nan menm kòkay ak moun ki make anlè a.

Etidyan: Etidyan (omwen nan mwatye tan) ki travay 20 èdtan pa semèn an mwayèn pa mwa, ki patisipe nan yon pwogram travay-etid swa leta oswa gouvènman federal la finanse oubyen ki gen yon timoun depandan, gen dwa kalifye pou benefis SNAP si yo satisfè règleman elijiblite espesyal la pou etidyan. Yon responsab dosye kapab ba w eksplikasyon sou règleman sa yo.

Règleman pwogram (Adilt Enganm san Depandan)Able-Bodied Adults Without Dependents (ABAWD)

Tout ABAWD depi nan 18 an jouk nan 50 an ki pa egzante dwe pou yo:

- respekte kondisyon travay jeneral SNAP la, epi
- travay pou 20 èdtan pa semèn an mwayèn pa mwa, oubyen
- patisipe nan yon inite kalifye pou anplwa ak fòmasyon (Employment and Training) (E&T) pou 20 èdtan pa semèn, oubyen
- ofri sèvis benevòl nan yon lokal sèvis kominotè pou yon kantite èdtan presi pa mwa

Kèlkeswa kalite sètifikasyon an, moun ABAWD ki dwe gen WP fèt pou yo fè rapò:

- lè orè travay mwens pase 20 èdtan pa semèn osinon 80 èdtan pa mwa
- lè patisipasyon nan yon pwogram edikasyon oubyen fòmasyon DTA ki apwouve vin mwens pase 20 èdtan pa semèn oubyen 80 èdtan pa mwa, e
- kantite èdtan yo patisipe nan sèvis kominotè a chak mwa.

Egzante nan SNAP/E&T

DTA jere yon pwogram SNAP E&T ki volontè. SNAP E&T se yon pwogram anplwa ak fòmasyon pou kliyan ki resevwa SNAP men pa resevwa asistans lajan kach. Tout moun ki senpleman patisipe nan SNAP dwe gen opòtinite pou yo patisipe volontèman nan pwogram SNAP E&T a.

Ou egzante nan SNAP/ET si w:

- pokonnan 16 an oswa ou gen plis pase 59 an;
- ansent (dezyèm oswa twazyèm trimès);
- gen 16 oswa 17 an epi:
 - se pa oumenm ki chèf kay la; oswa
 - ou al lekòl omwen amitan; oswa
 - ou enskri nan yon pwogram travay ak fòmasyon omwen amitan.
- fizikman oswa mantalman ou paka travay swa defason pèmanan swa defason tanporè (mwens pase 30 jou);
- se yon kliyan k ap resevwa TAFDC oswa EAEDC epi ki satisfè kondisyon pwogram travay pou asistans lajan kach la;
- se yon moun ki aplike oswa k ap resevwa alokasyon chomaj ki oblige patisipe nan yon pwogram travay ki konparab;
- enskri omwen amitan nan nenpòt lekòl leta rekonèt (ikonpri lekòl segondè), pwogram fòmasyon oswa enstitisyon lekòl siperyè;
- se yon patisipan, rezidan oswa non-rezidan nan yon pwogram pou tretman ak reyadaptasyon dwòg oswa alkòl;
- gen yon travay oswa w ap travay ak tèt ou epi w ap travay omwen 30 èdtan pa semèn oswa chak semèn w ap touche menm valè oswa plis pase salè minimòm federal la lè w miltipliye 1 pa 30 èdtan, oswa
- responsab pou swen yon timoun ki depandan ki pokonnan sis an oswa yon moun ki envalid, menm si timoun nan oswa moun ki envalid la pa abite nan menm kay avèk ou.

Règ pou moun ki pa sitwayen

Toudepan de estati yo, kèk moun ki pa sitwayen elijib pou resevwa benefis SNAP.

Estat nan U.S. Citizenship and Immigration Services (USCIS) ki elijib

- Benefisyè azil
- Kiben /Ayisyen ki fèk rantre
- Amerazyen
- Refijye
- Etranje yo sispann depòtasyon oswa depa li
- Viktim gwo fòm trèt moun
- Rezidan Pèmanan Legal (Legal Permanent Residents) (LPR) (*dwe pou yo satisfè lòt kondisyon tou*)
- Moun ki fèk rantre men se sou kondisyon (*dwe pou yo satisfè lòt kondisyon tou*)
- Lib sou kondisyon (*dwe pou yo satisfè lòt kondisyon tou*)
- Etranje yo bat (*dwe pou yo satisfè lòt kondisyon tou*)
- Elijiblite Lwa sou Vyolans kont Fanm (Violence Against Women Act) (VAWA) pou TAFDC

Kondisyon siplemantè pou LPR yo, moun yo ki vini sou kondisyon, etranje yo bat e moun yo ki sou libète kondisyonèl

- ki gen 65 an oubyen ki pi gran nan dat 22 out 1996 e ki legal nan peyi Etazini; oubyen
- Andikape aktyèl jan sa dekri nan règleman SNAP yo; oubyen
- Gen mwens ke 18 an; oubyen
- Te rete Etazini pou 5 lane kou yon moun ki etranje men ki kalifye oubyen
- Se ansyen konbatan oubyen gen patisipasyon aktif nan lame (an kontan mari/madanm, vèf/vèv, oubyen timoun depandan ki pa marye).

Lòt kritè elijiblite senpleman pou LPR

- Chanje nan yon estati LPR men ki te gen estati refijye anvan sa (an kontan viktim gwo kalite trafik moun), Benefisyè azil, Kiben / Ayisyen, oubyen Amerazyen ; oubyen
- Kapab reklame 40 trimès travay kalifye nan yon konbinezon:
 - ◆ trimès travay etranje a;
 - ◆ trimès travay paran li a/yo (yo te travay anvan etranje an gen 18 an); epi
 - ◆ trimès travay mari oubyen madanm li (li te travay pandan maryaj la); oubyen
- yon etranje yo sispann depòtasyon li.

Si w yon etranje legal e w gen kesyon sou elijiblite w pou w resevwa benefis SNAP, ou gen dwa sonnen DTA Assistance Line nan nimewo 1-877-382-2363.

Penalite diskalifikasyon

Si oumenm oswa nenpòt manm nan fanmi w fè eksprè epi anfrennen nenpòt nan règ ki anba yo, moun sa a pral diskalifye pou l resevwa benefis SNAP pandan *ennan* aprè premye vyolasyon an, *dezan* aprè dezyèm vyolasyon an epi *defason pèmanan* aprè twazyèm vyolasyon an. Epitou yo ka entante yon pwosè kriminèl kont moun sa a daprè lwa leta ak federal ki aplikab yo.

- Pinga w bay fo enfòmasyon oswa kache enfòmasyon pou ka kontinye resevwa benefis SNAP yo.
- Pinga w boukante oswa vann benefis SNAP ou yo oswa kat otorizasyon w yo.
- Pinga w fè chanjman nan kat otorizasyon yo pou ka jwenn benefis SNAP ou pa gen dwa pou resevwa.
- Pinga w sèvi ak benefis SNAP yo pou achte pwodui ki pa pwodui alimantè, tankou alkòl oswa tabak.
- Pinga w sèvi ak benefis SNAP oswa kat otorizasyon yon lòt moun pou moun ki lakay ou.

Oumenm oswa nenpòt manm ki abite lakay ou ki ta fè yon fo deklarasyon oswa fo reprezantasyon sou idantite oswa sou kote w abite pou resevwa plizyè benefis *anmenmtan* nan SNAP pral vin pa elijib pou resevwa SNAP pou *dizan*.

Oumenm oswa nenpòt manm ki abite lakay ou ki ta boukante (achte oswa vann) benefis SNAP yo pou yon sibstans kontwole/dwòg ilegal pral vin pa elijib pou SNAP pou yon peryòd *dezan* pou premye fwa yo jwenn ou fè sa, epi *defason pèmanan* pou dezyèm fwa yo jwenn ou fè sa.

Oumenm oswa nenpòt manm ki abite lakay ou ki ta boukante (achte oswa vann) benefis SNAP yo pou zam afe, minisyon oswa eksplozif pral vin pa elijib pou SNAP *defason pèmanan*.

Oumenm oswa nenpòt manm ki abite lakay ou ki ta boukante (achte oswa vann) benefis SNAP yo pou \$500 oswa plis pral vin pa elijib pou SNAP *defason pèmanan*.

Oumenm oswa nenpòt manm ki abite lakay ou ki sove pou yo chape anba pwosè, detansyon oswa anprizonnanman aprè yo fin kondane yo pou yon krim oswa yo vyole yon kondisyon pwobasyon oswa libète kondisyonèl pral vin *pa elijib* pou benefis SNAP *pandan l sove a oswa pandan li vyole kondisyon yo*.

Lòt règ federal

DTA gen otorizasyon pou l kolekte enfòmasyon sou aplikasyon yo, ikonpri nimewo sekirite sosyal pou chak manm ki abite nan kay la, daprè Lwa sou Manje ak Nitrisyon ane 2008 la (otrefwa ki te rele Lwa Koupon Alimantè a). Yo pral itilize enfòmasyon an pou deside si wi ou non moun ki abite lakay ou elijib oswa kontinye ranpli kondisyon elijiblite pou SNAP. DTA pral verifye enfòmasyon an avèk pwogram ki matche done sou òdinatè, epi yo pral itilize enfòmasyon an pou asire moun ki abite nan kay la respekte règ pwogram nan epi y ap itilize yo tou pou jere pwogram nan.

DTA trete aplikasyon pou SNAP daprè pwosedi federal SNAP yo, ikonpri rapidite, notis ak kondisyon pou odyans ekitab, menm lè aplikasyon an se pou ni SNAP ni yon lòt pwogram. Yo paka refize ba w benefis SNAP tou senpleman paske yo te refize ba w benefis nan yon lòt pwogram.

Yo ka pataje enfòmasyon an avèk ajans leta ak ajans federal pou revizyon ofisyèl epi avèk moun ki fè respekte lalwa pou lè yo bezwen kenbe moun k ap sove pou move zak yo fè.

Si DTA ta peye w plis pase sa l dwe peye w epi li reklame pou remèt li benefis li te peye w anplis la, yo ka itilize enfòmasyon ki sou aplikasyon sa a, ikonpri nimewo sekirite sosyal pou yo refere ka a nan ajans leta ak ajans federal, ansanm ak ajans koleksyon prive pou yo ka kolekte benefis yo.

Si w aplike pou SNAP epi ou aplike pou Sekirite Sosyal anmenmtan epi ou abite nan yon enstitisyon, dat ou te aplike a se dat enstitisyon an voye aplikasyon an ale.

Kijan pou w achte manje avèk benefis SNAP ou a:

- (1) Anvan w al achte, gade dènye resi w la pou w sa wè konbyen kòb ki rete sou kont SNAP ou a, osinon sonnen nimewo **1-800-997-2555** pou w konnen montan ki rete w la.
- (2) Chache wè mak Quest® la sou pòt osinon fenèt magazen an.
- (3) Pase kat EBT ou a lè w rive nan kès la.
- (4) Mete PIN sekrè ou a nan kazyé nimerik la epi peze Enter.
- (5) Kite anplwaye a konnen montan lanjan pou l mete a osinon mete montan an oumenm. Sonje tanpri, ou ka sèlman achte manje ki elijib avèk benefis SNAP ou a.

Toujou kontwole resi w la pou sèten montan ki make sou resi a menm ak montan sa w achte a.

Pou plis enfòmasyon sou EBT, gade bwochi sou Electronic Benefit Transfer (EBT) a.